

# Vaksen kont COVID-19

Dekouvri kibò ou ka pran vaksen kont COVID-19 nan Mass General Brigham ak nan kominote w la.

## Mizajou sou Rekòmandasyon konsènan Vaksen kont COVID-19 la

Pran vaksen se [pi bon mwayen pou fè prevansyon kont maladi a](#) epi diminye risk maladi grav ak ospitalizasyon. Lè ou pran vaksen, ou pwoteje moun ki antoure w yo tou, ki gen ladan moun ki gen yon pi gwo risk konplikasyon ki lye ak maladi respiratwa yo.

Depatman [Sante Piblik \(Department of Public Health, DPH\) Massachusetts](#) rekòmande mezi sa yo pou vaksen kont COVID-19 2025-2026:

- o **Adilt yo**
  - Adilt ki gen 65 lane yo ak plis dwe resevwa 2 òz chak entèval 6 mwa
  - Adilt ki gen 19 rive 64 lane ki gen kondisyon medikal ki ekspoze yo ak yon pi gwo risk pou COVID-19 oswa sa yo ki gen kontak ki gen gwo risk lakay yo ta dwe resevwa yon dòz
  - [Adilt ki iminodeprime yo](#) dwe resevwa 2 dòz chak entèval 6 mwa
  - Fanm ansent yo, sa yo ki anvizaje yon gwosès, sa yo ki sot akouche oswa ki ap bay tete yo dwe resevwa yon dòz
  - Adil ki an sante ki gen 19 rive 64 lane yo ka resevwa yon dòz
- o **Timoun yo**
  - Tout timoun [ki gen 6 rive 23 mwa yo](#) dwe resevwa vaksen kont COVID-19
  - Timoun ki gen 2 rive 18 lane ki gen kondisyon medikal ki ekspoze yo ak yon pi gwo risk pou COVID-19 oswa sa yo ki gen kontak ki gen gwo risk lakay yo ta dwe resevwa yon dòz nan vaksen kont COVID-19 la
  - Timoun ki an sante ki gen 2 rive 18 lane yo ki pa t janm vaksine dwe resevwa yon dòz nan vaksen kont COVID-19 la
  - Timoun ki an sante ki gen 2 rive 18 lane yo ki pa antre nan kategori ki anlè yo ka resevwa yon dòz nan vaksen kont COVID-19 la

Rekòmandasyon sa yo vle di tout moun ki gen 6 mwa ak plis **ka** resevwa vaksen kont COVID. Pou kèk moun rekòmandasyon pou pran vaksen an pi fò an fonksyon de laj la ak faktè risk yo.

Nou ankouraje pasyan yo kontakte famasi lokal yo pou yo pran vaksen. Yo bay menm vaksen an nan klinik nou yo. Famasi lokal yo pa ka bay nourison ak timoun medikaman sa. Si ou rankontre difikilte, tanpri kontakte biwo pedyat timoun ou an. Anpil biwo swen primè epi espesyalize Mass General Brigham ap pwopoze vaksen kont COVID-19 pandan konsiltasyon regilye yo. Pifò nan klinik nou yo pa pwopoze randevou ki rezève pou vaksen.

**Èske vaksen m nan pa ta dwe gen menm fabrikan/menm mak avèk sa m te resevwa avan an, oswa èske m ka "melanje vaksen yo"?**

Rekòmandasyon CDC otorize adilt ki gen 18 lane ak plis yo pou resevwa yon vaksen ajou ki diferan de vaksen inisyal yo a.

## Mwen te deja genyen COVID-19. Èske m ta dwe pran vaksen?

wi, ou dwe kanmenm pran vaksen si ou te genyen COVID-19 epi ou geri. Si ou te resaman pran maladi COVID-19 la, ou ka avizanje repòte pwochen doz vaksen an pou 3 mwa apati:

- Lè sentom ou yo te kòmanse.
- Si ou pa gen okenn sentom lè w fenk pran tès COVID pozitif ou a.

Si ou kesyon, panse poze doktè ou a yo. [Pou plis enfòmasyon sou vaksen mRNA yo >](#)

## Vaksen kont COVID-19 Pfizer ak Moderna yo se vaksen mRNA yo ye. Kisa sa vle di?

Menm si vaksen mRNA yo se yon nouvo tip vaksen, chèche yo ap etidye yo epi travay sou yo depi plizyè lane. Yo pa gen viris vivan ladan yo epi yo pa ka lakoz COVID-19. Okantrè, yo bay selil nou yo enstriksyon sou fason pou fabrike pwoteyin COVID-19 ki prezan sou kouch ekstèn kowonaviris la. Sistèm iminitè nou an ka pwodui lè konsa antikò kont pwoteyin sa yo epi pwoteje nou kont enfeksyon COVID-19 la. mRNA vaksen an pa janm antre nan nwayo selil ou yo p ap penetre nan ADN nou.

[CDC a gen plis enfòmasyon sou vaksen mRNA yo >](#)

## Kijan vaksen Novamax la mache?

Vaksen Novamax la se yon vaksen ki gen sou-inite pwoteyik. Vaksen sa gen ladann pwoteyin (ki rele pwoteyin Spike) viris ki responsab COVID-19 la. Vaksen an gen lòt engredyan ki ede sistèm iminitè a reyaji fas ak pwoteyin Spike la alavni. Lè sistèm iminitè a konnen kijan pou l reyaji fas ak pwoteyin Spike la, li ka reyaji rapidman ak pwoteyin Spike viris reyèl la epi pwoteje moun yo kont COVID-19 la. Kategori vaksen sa te kreye depi 30 lane deja epi yo itilize l pou trete epatit B ak koklich.

[CDC a gen plis enfòmasyon sou vaksen sou-inite pwoteyik yo >](#)

## Alèji

### Èske vaksen kont COVID-19 yo pwovoke reyaksyon alèjik?

Gen kèk ka reyaksyon alèjik aprè vaksinasyon an yo te siyale. Yon ti kantite moun te genen yon reyaksyon alèjik grav ki rele anafilaksi. Sou baz sa, Ajans Ameriken Pwodui Alimantè ak Medikamante (Food and Drug Administration, FDA) ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ki Ozetazini yo rekòmande moun ki gen antesedan anafilaksi pou youn nan engredyan yon vaksen kont COVID-19 la pou yo pa pran vaksen. Moun ki soufri lòt alèji alimantè oswa medikamante ka pran vaksen san danje.

An jeneral, pifò pasyan ki alèji ak yon vaksen ka resevwa lòt vaksen yo san danje. Si ou gen antesedan reyaksyon alèjik grav ak yon vaksen, tretman enjektab oswa ak youn nan konpozan vaksen kont COVID-19, ou ta dwe pale sa ak founisè swen primè ou a oswa alègòlòg ou a (si ou gen youn). Founisè ou ka ede w detèmine si li san danje pou w pran vaksen.

[Konnen plis sou efè segondè posib yo >](#)

### Èske m ka pran vaksen kont COVID-19 si mwen gen yon alèji alimantè oswa medikamante?

Ou ka resevwa vaksen kont COVID-19 si ou gen yon alèji alimantè oswa medikamante. Vaksen kont COVID-19 Pfizer, Moderna ak Novavax yo pa gen ni jelatin, ni ze, ni lateks.

### Kiyès ki ta dwe konsilte yon doktè avan li pran vaksen?

Yon konsiltasyon nan alègoloji/iminoloji ka itil pou ou si ou gen youn nan pwoblèm sa yo:

- Antesedan alèji ak vaksen avèk reyaksyon tankou demanjezon, bouton oswa roujè sou po, itikè, gonfleman/anjyo-edèm, respirasyon difisil, opresyon torasik oswa anafilaksi.

- Antesedan alèji ak poliyetilèn glikòl (Polyethylene Glycol, PEG) oswa polisòbat, avèk reyaksyon tankou demanjezon, bouton oswa roujè sou po, itikè, gonfleman/anjyo-edèm, respirasyon difisil, opresyon torasik oswa anafilaksi.
- Reyaksyon ak yon dòz vaksen kont COVID-19 la

### Gwosès, alètman ak fètinite

CDC a, pedyat nou yo ak jinekòlòg-obstetisyen nou yo rekòmande fanm ansent yo, sa ki anvizaje yon gwosès yo oswa sa ki ap fè alètman yo pou yo pran vaksen kont COVID-19 la. [Tanpri konsilte rekòmandasyon konplè yo isit la.](#)

### Timoun yo

CDC a rekòmande pou timoun ki gen laj 6 mwa ak plis yo resevwa vaksen kont COVID-19 ki ajou a. Vaksen Pfizer ak Moderna yo apwouve epi rekòmande pou pasyan ki nan tranch laj sa.

[Tanpri vizite tout detay yo sou sit entènèt CDC a.](#) Si ou gen kesyon konsènan vaksen timoun ou an, tanpri kontakte biwo pedyat ou a.

### Ki kote m kapab jwenn plis enfòmasyon?

- [Avantaj vaksinasyon kont COVID-19 la](#)
- [Vaksinasyon kont COVID-19 nan Massachusetts](#)
- [Vaksinasyon kont COVID-19 nan New Hampshire](#)
- [Ajans Ameriken Pwouvi Alimantè ak Medikamante: Vaksen Pfizer-BioNTech kont COVID-19](#)
- [Ajans Ameriken Pwouvi Alimantè ak Medikamante: Vaksen Moderna kont COVID-19](#)
- [Vaksen Novavax kont COVID-19](#)
- [Konprann vaksen ak mRNA yo kont COVID-19 la](#)
- [Tès Depistaj COVID-19 | Mass General Brigham](#)

*Mizajou 15 oktòb 2025*